



PWOJÈ KORE FANMI

KREYÒL
AYISYEN-AYITI

Dwa Moun

LIV PATISIPAN

Yon modil nan pwogram fòmasyon
pou Ajan Kore Fanmi





COPYRIGHT POLICY

Published by Partners in Health. Subject to the rights of Partners in Health, this publication may be freely reviewed, abstracted, reproduced, or translated provided that all copyright, trademark, and other proprietary notices are included in such use. No portion of this publication may be sold or otherwise used or distributed in conjunction with any commercial purpose. ♦

Liv sa a gen yonn nan modil fòmasyon yo k ap sèvi nan pwojè pilòt *Initiative Agent Communautaire Polyvalent (IACP)* an Ayiti ladan l. IACP a se yon zefò Partners In Health / Zanmi Lasante nan tèt kole ak Gouvènman Ayisyen, Bank Mondyal la, UNICEF, Pwogram Alimantè Mondyal, World Vision, ki gen pou objektif fè jan pou moun jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal ki pi ijan pou fanmi ayisyen, sitou sa ki pi frajil yo vin miyò.

Fòmasyon an pral pèmèt Ajan Kore Fanmi yo fè travay yo byen epi pran responsablite tout bon: 1) edike fanmi yo sou nitrisyon ak sante; 2) bay fanmi yo pwovizyon ak sèvis esansyèl; ak 3) ranfòse sistèm referans pou amelyore jan pou moun jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal pou fanmi yo.

Materyèl fòmasyon sa a devlope nan kolaborasyon ant tout patnè pwojè a. Se Bank Mondyal, UNICEF, ak Pwogram Alimantè Mondyal ki finanse inisyativ IACP sa a.

Fòmasyon sa a gen ladan l enfòmasyon ki soti nan: *The Universal Declaration of Human Rights*, (source www.un.org/en/documents); *Human Rights Approach to Development Programming*, Urban Jonsson, UNICEF, 2003; *At Risk: Natural hazards, People's Vulnerability, and Disasters*, Piers Blaikie, Terry Cannon, Ian Davis, ak Ben Wisner, (London, UK: Routledge, 1994); ak *Participatory Vulnerability Analysis: A Step-by-Step Guide for Field Staff* (London, UK: ActionAid International, 2000).

© Tèks: Partners In Health, 2012.

© Imaj ak Desen: Jesse Hamm, 2011.

Foto yo: Partners In Health, Elizabeth Whelan

Konsepsyon: Mechanica, Annie Smidt ak Partners In Health

Empresyon: ID Plus

Edisyon pilòt nan lang Kreyòl pibliye nan mwa Novanm 2011

Liv sa a fèt pou bay ochan pou plizyè milye Ajan Sante k ap fè efò san pran souf pou fè misyon nou an vin yon reyalite, epitou ki se poto-mitan pwogram nou yo pou sove lavi moun ak pou fè kondisyon lavi moun nan kominote ki pòv yo vin miyò. Chak jou, yo vizite manm kominote yo pou ofri yo sèvis, edikasyon, ak sipò, epitou yo montre nou tout kijan solidarite efikas se pi bon remèd pou epidemi maladi, povrete ak dezespwa.



Sa ki nan Liv la

Kontèks	1
Objektif yo	3
Pati Enpòtan yo	4
Inisyativ Kore Fanmi An	5
Kisa yon Dwa Moun ye?	7
Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun	9
Responsablite pou Dwa Moun	14
Frajilite	16
Dwa Fanm yo ak Timoun yo	21
Kalite Ajan Kore Fanmi yo	24
Enpak Ajan Kore Fanmi yo	25
Responsablite Ajan Kore Fanmi yo	27
Objektif Lavi Yo	30
Pake de Baz Ajan Kore Fanmi	32

Estrikti Pwogram nan	37
Sèman Ajan Kore Fanmi yo.	41
Kesyon pou Gwoup ak Pyès Teyat	43
Dokiman Sipleman tè:	
Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun	47
Deskripsyon Travay Ajan Kore Fanmi	56
Nòt	61
Fòm Evalyasyon	62



Ajan Kore Fanmi ak Dwa Moun



KONTÈKS

Dwa moun se yon dwa tout moun genyen, kèlkeswa ras yo, gwoup etnik yo, laj yo, relijyon yo, sèks yo, opinyon politik yo, peyi yo fèt, oswa sitiyasyon sosyal yo. Dwa moun tabli prensip moun yo bezwen pou yo viv avèk diyite. Dwa moun se dwa ki egal ak inivèsèl pou tout moun.

Yo defini ak prezante dwa moun nan Deklarasyon sou Dwa Moun, ki gen ladan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun, Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik, ak Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Sosyal, Dwa Ekonomik, ak Dwa Kiltirèl. Plis, yo eksplike ak defini dwa fanm yo ak timoun yo nan Konvansyon sou Dwa Timoun (CRC), ak nan Konvansyon sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon kont Fanm yo (CEDAW). Pifò peyi rekonèt dokiman sa yo ak dwa dokiman yo defini.

Pami dwa moun, tout moun bezwen pou viv libelibè nan diyite, gen dwa pou jwenn bon swen sante, dwa pou manje, dwa pou ale lekòl, dwa pou jwenn dlo pwòp, dwa pou rete nan yon kay ki nòmal, ak dwa pou yo jwenn mwayen pou yo fè kòb. Si moun yo jwenn bagay sa yo, y ap pare pou amelyore epi kenbe sante yo ak viv alèz. Si moun yo pa jwenn bagay sa yo, y ap plis souffri avèk maladi ak malnitrisyon. Yo p ap menm ka retire tèt yo nan povrete ak konsekans li genyen.

Nan yon apwòch pou devlopman ki chita sou dwa moun, Ajan Kore Fanmi yo jwe yon wòl enpòtan nan ede tout moun nan kominote a jwi dwa tout moun genyen pou amelyore sante ak viv alèz.

Ajan Kore Fanmi yo konn vizite fanmi yo regilyèman. Yo chèche fanmi yo toutbon, epi yo evalye fanmi yo pou jwenn fanmi ki pi frajil yo. Y ap rekòmande ka ijan yo bay travayè sosyal, epitou y ap ede tout manm fanmi an jwenn sèvis yo. Y ap vaksinen timoun yo, y ap distribiye moustikè, epi y ap bay premye swen nan kèk ka. Ajan Kore Fanmi yo bay fanmi yo ak

kominote yo edikasyon tou sou prevansyon maladi, vaksinasyon, planin, sante repwodiktif, edikasyon, aptitud pou edike timoun, konpotman pozitif, liyèn pèsonèl, liyèn kominotè ak asenisman, vyolans ki baze sou sèks, ak sante mantal. Y ap konekte fanmi yo avèk sèvis sosyal ki pi ijan ki kapab ede yo jwenn manje ak okazyon pou yo fè komès. Finalman, y ap ofri sipò sikolojik ak sosyal nesèsè pou fanmi k ap souffri avèk maladi ak lòt pwoblèm.

Lè Ajan Kore Fanmi yo pran responsablite sa yo, yo ede pwoteje, retabli, ak reyalize dwa moun fanmi yo. Anplis Ajan Kore Fanmi yo, chak fanmi, kominote yo, gouvènman an, ak kominote entènasyonal la gen responsablite tou pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun. Lè Ajan Kore Fanmi yo kolabore avèk fanmi yo, kominote yo, gouvènman an, ak òganizasyon ki pa fè pati gouvènman yo, yo ede amelyore dwa moun nan kominote yo.

Se kominote Ajan Kore Fanmi yo ki chwazi yo, epitou ajan sa yo responsab pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun fanmi y ap sèvi yo. Kominote yo chwazi Ajan Kore Fanmi yo paske ajan yo se moun ki gen respè ak konsiderasyon pou lòt moun, epitou yo kenbe enfòmasyon sèkre fanmi yo. Yo gen dwa tou pou fè konnen fason yo panse, epitou pou moun koute yo. Yo konprann kisa sa vle di pou gen solidarite avèk moun k ap souffri. Yo jwe yon wòl enpòtan nan amelyore fason moun ap viv kominote a ak nan patisipe nan devlopman peyi yo.

Nan premye fòmasyon sa a, ou pral diskite sou kisa dwa moun ak frajilite ye. W ap aprann tou wòl ak responsablite yo kòm Ajan Kore Fanmi, ak fason w ap fè travay yo.



OBJEKTIF YO

Nan fen modil sa a, w ap kapab:

- a. Di kisa pwoje Kore Fanmi a ye.
- b. Dekri objektif Inisyativ Ajan Kore Fanmi.
- c. Di kisa dwa moun, epi bay egzant dwa moun.
- d. Site kèk dwa moun genyen.
- e. Di kisa lasante ye.
- f. Eksplike rapò ki gen ant sante ak lòt dwa moun.
- g. Eksplike wòl fanmi, founisè sèvis yo, gouvènman yo, ak kominote entènasyonal la nan pwoteje, satisfè ak retabli dwa moun.
- h. Site wòl Ajan Kore Fanmi yo nan pwoteje, satisfè, ak retabli dwa moun.
- i. Di kisa frajilite a ye.
- j. Bay egzant sou fason fanmi yo kapab frajil.
- k. Eksplike fason Ajan Kore Fanmi yo kapab ede fanm ak timoun ki frajil yo jwenn dwa yo.
- l. Eksplike kijan Ajan Kore Fanmi yo enpòtan pou amelyore fason fanmi yo ap viv, ak diminye frajilite fanmi yo.
- m. Dekri kalifikasyon ak karakteristik ki nesèsè pou yon Ajan Kore Fanmi.
- n. Dekri enpak Ajan Kore Fanmi kapab genyen sou fanmi yo.
- o. Site wòl, responsablite ak travay prensipal yon Ajan Kore Fanmi.
- p. Eksplike sistèm Kore Fanmi, fason yo pral sipèvize Ajan yo, ak fason Ajan Kore Fanmi yo ap fè rapò sou travay yo.
- q. Entèprete ak ranpli Kanè Fanmi an kòrèkteman.
- r. Fè yon sèman pou endike sa ou pwomèt pou fè kòm Ajan Kore Fanmi.
- s. Dekri kòd kondwit enstitisyon kote nou travay.
- t. Site Objektif pou Lavi Miyo pou projè Kore Fanmi
- u. Di kisa sipèvisyon an ye.
- v. Site kek kalite yon bon sipèvize dwe genyen.
- w. Di enpotans sipèvisyon.
- x. Dakò ak Kòd Konduit òganizasyon yo travay pou yo kòm Ajan Kore Fanmi.



PATI ENPÒTAN YO

- Inisyativ Ajan Kore Fanmi an te kreye pou rann fanmi Ayisyen yo pi bon sèvis.
- Inisyativ Ajan Kore Fanmi an tabli yon rezo Ajan Kore Fanmi ki sipòte pa yon ekip minisipal.
- Ajan Kore Fanmi yo rann fanmi yo seri de sèvis dirèk epitou yo ede yo jwenn sèvis sosyal ak enfòmasyon yo bezwen pou yo ka amelyore fason yo viv.
- Yon dwa moun se yon dwa TOUT moun genyen, kèlkeswa ras yo, gwoup etnik yo, laj yo, relijyon yo, sèks yo, opinyon politik yo, kote yo fèt, oswa sitiyasyon sosyal yo. Dwa moun detèmine prensip moun yo bezwen pou yo viv avèk diyite. Dwa moun se dwa ki egal ak menm pou tout moun.
- Moun yo, kominote yo, òganizasyon ki pa fè pati gouvènman yo, founisè sèvis yo, gouvènman yo, ak kominote entènasyonal la, yo tout responsab pou satisfè ak pwoteje dwa moun.
- Lasante se yon eta kote yon moun santi li toutafè alèz paske li anfòm nan kò li, nan lespri li ak nan fason l ap viv ak lòt moun nan kominote li.
- Tout moun gen dwa pou viv yon vi ki bon pou sante ak byennèt tèt yo ak pou fanmi yo, tankou manje, edikasyon, rad, kay pou rete, chans pou travay, swen medikal, ak sèvis sosyal ki nesesè.
- Moun yo frajil lè yo plis kapab frape pa nenpot vye evènman tankou siklon.
- Fanm yo ak timoun yo frajil sitou, lè yo pa respekte dwa yo. Ajan Kore Fanmi yo dwe ede fanm yo ak timoun yo yon fason aktif pou yo gen sante, epitou pou yo rive jwenn dwa moun fondanatal yo.
- Ajan Kore Fanmi yo jwe yon wòl enpòtan nan amelyorasyon fason moun ap viv kominote a ak nan diminisyon frajilite fanmi yo.



PATI ENPÒTAN YO

- Ajan Kore Fanmi yo dwe gen kalifikasyon ki endike anba la yo: anmezi pou li ak ekri nan lang Kreyòl, ak konprann eksplikasyon ki ekri nan lang Franse, viv nan seksyon minisipal kote y ap travay, fèt pou gen laj ant 25 ak 55 ane, dwe disponib pou travay la pou pi piti 5 jou pa semèn, epi fèt pou gen bon sante. Yo ka fanm oswa gason.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe gen konpasyon, anmezi pou kenbe enfòmasyon an sekre, gen respè pou moun, rekonèt tout moun gen dwa pou menm dwa moun, epitou enterese travay nan tèt ansanm avèk ofisyèl MSPP, lidè lokal yo, ak reprezantan plizyè òganizasyon nan tout sektè.
- Responsablite Ajan Kore Fanmi yo gen ladan edikasyon fanmi yo ak kominote yo sou pratik bon sante, epi ankouraje pratik sa yo, ede fanmi yo gen aksè nan sèvis sante ak sèvis sosyal, distribye ak ofri tretman ak sèvis debaz, epitou refere ka grav yo nan sant sante a oswa nan sèvis sosyal.
- Ajan Kore Fanmi yo travay andedan yon sistèm ki gen travayè sosyal, anplwaye òganizasyon sèvis sosyal, anplwaye sant sante ak, anplwaye lopital, ladan l.
- Ajan Kore Fanmi yo kapab sove lavi moun.

INISYATIV KORE FANMI AN

Inisyativ Kore Fanmi an te kreye pou rann fanmi Ayisyen yo pi bon sèvis. Lan inisyativ sa a, founisè sèvis ak patnè nan sektè piblik kolabore nan yon estrateji inifye ki baze sou dwa moun ak bezwen fanmi Ayisyen yo.

Inisyativ sa a tabli yon rezo Ajan Kore Fanmi ki sipòte pa yon ekip minisipal nan chak zòn kote yo travay. Ajan Kore Fanmi sa yo bay fanmi yo seri sèvis dirèk ak ede yo jwenn sèvis sosyal ak enfòmasyon yo bezwen pou amelyore fason yo viv. Epitou Ajan Kore Fanmi yo idantifye fanmi ki frajil amò ak ba yo sèvis ijans oswa entèvensyon.

Inisyativ Kore Fanmi an baze sou eksperyans ansyen pwojè travayè sante kominotè men li pwopoze kat eleman nouvo: i) akonpayman fanmi; ii) konsantre sou bezwen sosyal ansanm ak bezwen sante iii) peye salè ki baze sou pèfòmans, ak iv) sistèm enfòmasyon dinamik ak inifye yo.

Inisyativ Kore Fanmi te teste nan 2012 nan twa seksyon andeyò yo nan Plato Santral la. Premye etap sèvis sa a konsantre sou sante, nitrisyon, ak liyèn. Pi devan, Inisyativ Kore Fanmi an vize elaji sèvis yo rive tout zòn an Ayiti. Inisyativ sa a vize tou elaji seri sèvis ki gen kounyeya pou ka mete lòt bezwen sante ak sosyal, ansanm ak preparasyon pou katastwòf ladan.

Objektif an jeneral

1. Amelyore zon sèvis ki pi ijan kouvri alòske kout sèvis yo diminye.
2. Amelyore kolaborasyon ant founisè sèvis santé ak sèvis sosyal yo.
3. Rive pèp ki pi frajil yo.
4. Egzamine si yo kapab reyalize yon sistèm repons pou ijans ki kapab reponn a bezwen fanmi yo ki afekte nan katastwòf yo.

Objektif Espesifik

1. Ankouraje konpòtman ki bon pou lasante ak enfòmasyon sou sèvis santé ak sèvis sosyal ki disponib pou yo.
2. Founi materyèl ak sèvis dirèk ki pi enpòtan yo.
3. Ranfòse sèvis referans pou sèvis sosyal ka pi fasil pou jwenn.

Nan Kore Fanmi montre esans inisyativ sa a, ki se kore fanmi yo. Eslogan inisyativ sa, “Patnè pou lavi!” ekspri vizyon inisyativ la: pou akonpaye fanmi yo ak ede yo amelyore fason yo viv pou lontan.



Kisa Dwa Moun yo ye?

Dwa moun se dwa TOUT moun genyen, kèlkeswa ras yo, gwoup etnik yo, laj yo, relijyon yo, sèks yo, opinyon politik yo kote yo fèt, oswa sitiyasyon sosyal yo. Dwa moun detèmine prensip moun yo bezwen pou yo viv avèk diyite. Dwa moun se dwa ki egal ak menm pou tout moun.

Ki kèk egzanj dwa moun?

TOUT moun gen dwa pou:

- Pa nan esklavaj
- Chwazi relijyon yo
- Reflechi ak di sa yo panse libelibè
- Pa viktim move tretman oswa pa jwenn tretman avèk mekanste
- Patisipe nan gouvènman yo (vote, elatriye)
- Marye ak gen yon fanmi

- Posede byen
- Travay epi touche ak jwenn tretman san patipri
- Viv nan kondisyon ki bon pou sante ak pou pwòp byennèt yo menm, epi pou sante ak pou byen fanmi yo, tankou dwa pou jwenn **manje, rad, kay pou rete, swen medikal, ak sèvis sosyal ki nesèsè**
- Resevwa yon **edikasyon**
- Viv libelibè epi san danje

Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun

Nan ane 1948 (apre Dezyèm Lagè Mondyal la), reprezantan plis pase 48 peyi te reyini pou kreye yon dokiman ki rele Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun. Deklarasyon an site tout dwa moun dwe genyen pou yo viv libelibè epi avèk diyite. Deklarasyon endike, “Tout lòm fèt libelibè epi yo gen menm diyite ak dwa.”

Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun site anpil dwa, tankou dwa ou te site yo pandan brase-lide a. Pami dwa ki site yo gen dwa pou swen sante, ak yon bon mòdvi.

Deklarasyon an endike tou tout gouvènman yo, tout kominote yo, ak tout moun yo responsab pou sipòte ak pwoteje dwa moun.

Egzanp ki sòti nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun

Atik 25

(1) Tout moun gen dwa pou viv nan kondisyon ki bon pou sante ak byennèt li ak fanmi li, tankou manje, rad, kay pou rete, ak swen medikal, ak sèvis sosyal ki nesèsè, ak dwa pou sekirite sizoka gen chomaj, maladi, andikap, lanmò madanm/mari, laj avanse, oswa lòt mank mwayen pou viv nan sikonstans ki depase kontwòl li.

(2) Lè fanm fè pitit ak lè timoun yo piti, yo gen dwa pou yo jwenn swen ak èd espesyal. Tout timoun...dwe jwenn menm pwoteksyon sosyal.

Atik 26

(1) Tout moun gen dwa pou edikasyon. Edikasyon an fèt pou gratis, pou pi piti nan etap elemantè. Edikasyon nan lekòl primè fèt pou obligatwa...

(2) Edikasyon fèt pou deziyen pou devlopman pèsonalite moun nan nèt, ak pou ranfòse respè dwa moun ak libète fondamantal yo...

(3) Paran yo gen yon...dwa pou chwazi kalite edikasyon yo dwe bay pitit yo.

Jan ou kapab wè, Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun di konsa TOUT moun gen dwa pou manje, rad, kay pou rete, swen medikal, ak edikasyon.

Etan ke Ajan Kore Fanmi, pou kisa dwa moun sa yo enpòtan pou ou?

- Djòb Ajan Kore Fanmi a se pou ede pwoteje, epi ede moun yo jwenn dwa yo dwa moun, tankou dlo pwòp, manje, rad, kay pou rete, swen medikal, travay, ak sèvis sosyal.
- Ajan Kore Fanmi yo pa kapab ofri fanmi yo tout bagay sa yo poukont yo, men yo kapab ede fanmi yo. Pou fè sa, y ap ofri fanmi yo tretman ak founiti ki pi enpòtan, epitou y ap ede fanmi yo rive jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal enpòtan yo.




Gen Lasante Se Lè Nou Santi Nou Toutafè Anfòm

Gen lasante se yon eta kote nou santi nou anfòm tout bon vre nan kò nou, nan lespri nou ak nan rapò ak tout moun nan zòn kote nou rete a, pa vle di pa malad oswa pa kokobe.

—Òganizasyon Mondyal Sante

Istwa Adlin



Adlin se yon jèn fanm vèk k ap viv avèk pitit li yo, Emmanuel, Daniel, ak Josephine, ak manman l, yon vèk, ki rele , Antoinette.

Adlin ak fanmi li ap viv nan yon kounouk pay ki gen yon bout chanm. Panno kay la fèt an bwa, epi atè a ak tè. Panno kay la ap pouri. Do kay la toujou koule dlo chak fwa lapli tonbe, epi dlo antre nan kay la. Pafwa dlo a mouye matla, dra kabann ak rad fanmi an. Fanmi gen pou mache kèk èdtan al yon rivyè pou jwenn dlo pou sèvi lakay la. Yo pa gen latrin. Se Adlin ki gen kay li, men li pa gen tè kote kay la chita.

Mari Adlin nan, Bernal, mouri 6 mwa pase, epi lanmò a toujou fè Adlin ak fanmi li lapenn. Bernal te yon travayè nan yon bitasyon zòn nan, epi li te touche ase pou fanmi an. Kounye a, Adlin ak Antoinette, manman li, ap travay pou mèt tè a, men yo pa touche ase. Adlin pa gen ase lajan pou voye pitit li yo lekòl. Pafwa, fanmi an pa gen ase lajan pou manje. Timoun yo vin chèch anpil, epi yo konn malad oswa gen dyare fasil.

Adlin gen yon lòt traka k ap fatigue li, li pa di pèsonn. Li vin ap plis santi li malad ak fèb. Mari li te mouri akòz yon maladi ki te fin souse'l nèt. Li te al chèche swen nan men yon doktè fèy, epi li te refize ale nan sant sante. Adlin kwè li te mouri avèk maladi SIDA. Li pè li ka gen SIDA tou. Men, li poko ale nan sant santé nonpli. Sant sante a lwen lakay li anpil, epi li pa vle al depanse twòp kòb pou sa.

Kesyon yo

1. Ki dwa moun Adlin pa ka jwi?
2. Eksplike koman kek dwa Adelin ki pa respekte vin aji sou santi li? (sonje definisyon nou gen sou la sante)
3. Kisa Adlin bezwen pou li ka garanti sante li ak sante fanmi li? (sonje definisyon nou gen sou la sante)
4. Anplis li pa ka jwi kèk dwa moun, ki lot pwoblèm Adlin bezwen rezoud?

Responsablite pou Dwa Moun

Kimoun ki gen responsablite pou pwoteje fanmi tankou fanmi Adlin ak pou garanti dwa moun yo respekte?

- Chak moun, pa egzanp, Adlin ak fanmi li
- Gwoup kominotè yo ak òganizasyon ki pa fè pati gouvènman yo, pa egzanp, Save the Children, World Vision, Zanmi Lasante/Partners In Health, gwoup ki defann dwa moun nan kominote yo, elatriye
- Founisè sèvis ak gouvènman nan tout nivo yo, pa egzanp, minisipal, depatmantal, ak nasyonal
- Kominote entènasyonal la

Etan ke Ajan Kore Fanmi, ou travay tankou moun epitou tankou pati òganizasyon ki pa fè pati gouvènman ak gouvènman an. Ou responsab pou ede pwoteje ak reyalize dwa moun fanmi w ap sèvi yo.

Sa kapab difisil paske gen anpil pwoblem, tankou koripsyon, pa jwenn resous, oswa pa gen volonte politik, ki fè gouvènman an pa pwoteje ak ba moun yo dwa yo. Epoutan, malgre difikilte sa yo, ou kapab ede amelyore fason moun nan kominote yo ap viv nan fè devwa ou yo.

Etan ke Ajan Kore Fanmi, kijan ou kapab ede pwoteje ak ranpli dwa moun yon fanmi tankou dwa fanmi Adlin?

- Trete fanmi an avèk diyite ak respè
- Evalye fanmi an pou malnitrisyon
- Ede yo jwenn swen medikal yo gen dwa pou jwenn
- Bay yo edikasyon sou nitrisyon, VIH, tretman dlo, elatriye.
- Bay yo edikasyon sou bon konpòtman k ap ede yo kenbe kò yo pwòp ak k ap ede sante yo
- Voe yo nan sèvis sosyal ki pi ijan yo ak okazyon pou yo fè komès.

Gen lasante se yon eta kote nou santi nou anfòm nan kò nou, nan lespri nou ak nan rapò ak tout moun nan zòn kote nou rete a, pa vle di pa malad oswa pa kokobe. Tout moun rive vè malèrèz tankou Adlin, gen dwa viv nan fason ki bon pou sante yo ak pou yo santi ke yo menm ak fanmi yo anfòm nan tout sans, tankou manje, rad, kay pou rete, swen medikal, ak sèvis sosyal ki nesèsè yo. Ou pa kapab rezoud tout pwoblèm ak defi fanmi w ap travay avèk yo fè fas. Ou pa kapab bay moun yo djòb, lajan, oswa pi bon kay. Men ou kapab ede fanmi yo nan bay yo edikasyon sou dwa yo ak sou pratik ki bon pou sante yo, nan bay yo sèvis ki pi ijan yo ak tretman, nan ede yo jwenn sèvis medikal ak sèvis sosyal, nan kore yo, ak kanpe tèt ansanm avèk yo.

Dwa toujou mache ak responsablite. Lè w ap jwi dwa moun w, w gen pou asire ke w pa pile dwa moun lòt moun anba pye w.



Frajilite

Kisa sa vle di lè yon fanmi frajil?

Yon fanmi frajil lè li plis kapab frape pa nenpòt move evènman. Fanmi frajil lè li kapab tonbe malad pi fasil. Lè gen yon move evènman, se moun ki frajil yo pi plis viktim, se yo ki vinn pi mal. Plis yon fanmi frajil, plis li kapab viktim. Yon fanmi frajil se yon fanmi ki fèb anpil.

Ki egzanp move evènman ki te frape Ayiti tou dènyèman la?

- Tranbleman tè 12 janvye 2010 la, epidemi kolera nan sezon lotòn 2010 la, siklòn 2011 ak ane pase yo, elatriye

Move evènman tankou tranbleman tè a oswa yon siklòn frape tout kominote yo ak vil yo. Genyen tou evènman sibit ki frape sèlman youn oswa lòt fanmi, pa tout kominote yo, oswa pa tout peyi a, pa egzanp, yon maladi grav oswa lanmò nan yon fanmi.

Ki egzant move evènman mal anpilki ka rive yon fanmi?

- Manman oswa papa mouri; yon manm fanmi trape yon vye maladi tankou tibèkiloz; moun k ap sipòte fanmi an pèdi djòb li; fanmi an pèdi kay li oswa tè li; fanmi an pèdi rekòt la, elatriye.

Fanmi malere ki pa ka jwi dwa moun ki pi ijan yo fasil yo pi frajil pase fanmi afè yo bon ak ki gen plis resous tou. Fanmi endijan yo gen plis chans pou yon evènman tankou tranbleman tè a, oswa lanmò moun k ap sipòte fanmi an mouri.

Anpil fanmi an Ayiti pòv anpil anpil, kifèlaa yo **frajil anpil**. Sa vle di si yon move evènman tankou tranbleman tè oswa yon lanmò nan fanmi an rive, gen anpil chans pou sa touche fanmi ak fè yo vin ap pase mizè.

Istwa Francoise



Francoise se yon jèn fanm k ap viv avèk mari li, Daniel, ak pitit yo, Jean, Paul, ak Jaqueline. Paran li yo, Marie ak Jude, rete toupre li, epi yo konn pase vizite li souvan.

Francoise ak fanmi li rete nan yon kay 4 pyès ki fèt an brik. Se yon bèl kay ki gen kawo mozayik ak do kay an tuil. Yo pa rich, men yo gen kouran elektrik ak dlo tiyo lakay yo. Se yo ki mèt kay la ak ti teren kay la bati a. Teren an pa gwo, men Francoise kapab plante joumou, bètrav, tomat ak kawòt. Li gen yon pye mango tou. Fanmi an gen pwòp latrin yo.

De granfrè Francoise yo nan Miami, epi yo konn voye kòb pou Francoise ak paran li yo chak mwa. Lajan sa a te ede Francoise ak Daniel kòmanse yon ti boutik. Se Daniel, mari Francoise la, ki okipe boutik la, epi Francoise konn ede li. Avèk rant yo fè nan boutik la, Francoise ak Daniel kapab voye twa (3) pitit yo lekòl ak bay yo manje byen.

Francoise enkyete paske li te fenk genyen yon move tous. Li pran desizyon pou ale nan sant sante a nan semèn k ap vini an si tous la pa pase. Li ta ka oblije

achte kèk medikaman, men li kwè l ap gen ase lajan pou sa. Li antann mande papa li, ki gen pwòp kamyon li, pou mennen li nan sant sante a.

Kesyon yo

1. Konpare sitiyasyon Francoise avèk sitiyasyon Adlin. Kijan sitiyasyon de moun sa yo diferan?
2. Imajine fanmi Francoise ak fanmi Adlin sibi move evènman tankou tranbleman tè a. Ki moun ou panse ki pi frajil, epitou ki moun k ap pi boulvèse nan tranbleman tè a—fanmi Adlin oswa fanmi Francoise? Pou kisa?

Egzanp Frajilite

Kondisyon ak sitiyasyon sa yo lakòz fanmi yo sitou frajil:

- Chèf fanmi an te mouri ane pase.
- Fanmi an gen timoun ki poko gen laj 5 an epi ki gen manman yo ki te mouri ane pase.
- Fanmi an gen timoun ki poko gen laj 5 an.
- Fanmi an gen timoun ki poko gen laj 5 an epi ki te mouri ane pase.
- Gen yon fanm ansent nan kay la.
- Fanmi an gen timoun yo voye al travay al travay lòt kote ki lwen kay la (“*restavèk*”), oswa k ap viv nan yon enstitisyon.
- Fanmi an gen anpil timoun ki sou kont 2–3 granmoun.
- Gen maladi grav ak tonbe leve oswa andikap nan fanmi an.
- Se pa chak fwa fanmi an gen bezwen yo ka jwenn swen sante.
- Timoun ki nan fanmi gen malnitrisyon.
- Fanmi an pa ka jwenn dlo pwòp.
- Kay fanmi an nan move eta.
- Fanmi an pa gen yon latrin.
- Fanmi an pa gen ase manje (sèke pa gen garanti y ap jwenn ase manje lè yo bezwen l—ki rele ensikirite alimantè).
- Timoun fanmi an pa kapab ale lekòl.

Anpil nan kondisyon ki lakòz fanmi yo frajil egziste paske fanmi yo pa ka rive jwenn dwa moun fondannatal yo, pa egzanp, lè yo pa gen ase manje, bon kay pou rete, oswa swen medikal.

Li enpòtan pou ou kapab rekonèt frajilite, paske etan ke Ajan Kore Fanmi, w ap ede fanmi yo vin mwen frajil. Pou fè sa, w ap bay yo enfòmasyon ak sipò yo bezwen pou yo kapab pi byen sèvi ak pwòp resous yo, w ap bay yo enfòmasyon sou fason pou yo rive jwenn lòt sipò ak tretman, w ap bay yo referans pou yo ale nan sant sante a oswa pou yo ale kote yon travayè sosyal, epitou w ap ede yo òganize nan kominote yo pou yo amelyore kondisyon y ap viv la.



Dwa Fanm yo ak Timoun yo

Nou konnen tout moun gen dwa pou jwenn manje yon kote pou yo rete ak swen medikal ki bon. Tout moun gen dwa pou resevwa yon edikasyon. Tout moun gen dwa pou sante ak viv nan fason ki bon. Ni gason, ni fanm, ni timoun yo.

Nou konnen tout anpil fanmi an Ayiti pa ka jwi dwa moun fondanatal sa yo. Yo pa jwenn ase manje, yon bon kay, ase edikasyon, oswa swen medikal ki bon. Yo pa gen sante ak viv nan fason ki bon.

Pafwa, kwayans tradisyonèl sou fason pou trete fanm ak timoun nan kominote nou yo, oswa menm lwa ki genyen jounen jodi a lakòz fanm yo ak timoun yo pa ka jwi dwa yo, sante yo, ak bon fason pou viv, menm plis pase gason yo.

Bay kèk egzanp kwayans tradisyonèl ak fason yo trete fanm ak timoun nan kominote nou yo, oswa menm lwa ki genyen jounen jodi a, ki lakòz fanm yo ak timoun yo pa ka jwi sante yo, bon fason pou viv, ak dwa moun yo?

- Fanmi pòv andeyò yo bay fanmi rich pitit yo pou sèvi tankou restavèk. Timoun yo viktim abi, epi yo pa touche lajan, oswa yo pa manje byen.
- Timoun yo pa kapab ale lekòl paske yo dwe travay tè oswa chèche kòb nan lòt fason pou fanmi yo.
- Pafwa yo bay gason yo manje anvan, kidonk fanm yo ak timoun yo (sitou ti fi yo), rete grangou pi souvan.
- Gason yo fè vyolans sou fanm yo ak timoun yo lè yo bat yo.
- Gason yo fè abi seksyèl sou fanm yo, pa egzanp, mari yo, patnè yo, oswa mennaj yo fòse fanm yo fè bagay chak fwa ak nenpòt fason gason an vle sa.
- Gason yo pa bay fanm yo kontwòl sou kò yo; pa egzanp, fanm yo pa gen pèmasyon pou sèvi ak planin; yo oblije fè kantite pitit patnè yo vle a.
- Yo pa anplwaye fanm yo nan djòb si gason yo pa disponib, epitou yo peye gason yo plis kob ke fanm yo pou menm travay la.
- Pafwa yo fòse fanm yo fè bagay pou lajan pou sipòte tèt yo ak fanmi yo.
- Gen patwon ki fòse fanm yo fè bagay ak yo pou yo rete nan travay la.

Responsablite Ajan Kore Fanmi pou Fanm yo ak Timoun yo

Etan ke Ajan Kore Fanmi, travay ou se pou ede TOUT moun—gason, fanm, ti gason, ak ti fi—viv nan diyite, ak vin gen bon sante ak viv nan bon fason. Sa vle di ou dwe vin konnen dwa fanm yo ak dwa timoun yo byen, remake sitiyaasyon kote fanm yo ak timoun yo manke jwi dwa yo, epitou eseye ede fanm yo ak timoun yo chak fwa ou kapab.

Anpil kondisyon aji sou sante ak byennèt gason yo, fanm yo ak timoun yo, pa egzanp, distribisyon tè oswa lòt resous avèk fòskote, koripsyon dirijan lokal oswa nasyonal yo, oswa sitiyaasyon politik lokal oswa nasyonal.

Etan ke Ajan Kore Fanmi, ou pa kapab kontwòle kondisyon sa yo. Men ou kapab edike fanm yo sou dwa fanm yo ak dwa timoun yo, epitou ou kapab asire fanm ak timoun w ap vizite yo rive jwenn èd ak sèvis menm jan ak gason yo.

CRC ak CEDAW

Anplis Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun, genyen de (2) dokiman ki abòde sitou dwa fanm yo ak dwa timoun yo. Yo se:

- Konvansyon sou Dwa Timoun (CRC)
- Konvansyon pou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon Kont Fanm (CEDAW)


De (2) dokiman sa yo di ke dwa fanm yo ak dwa timoun yo dwe pwoteje ak aplike menm jan ak dwa gason yo. Yo te kreye dokiman yo plizyè ane apre Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun, paske dirijan yo te wè li te nesesè pou bay sipò espesyal pou defann dwa fanm yo ak dwa timoun yo.

Kalite Ajan Kore Fanmi yo

- Kapab kenbe enfòmasyon yo an sekre
- Gen respè pou tout moun
- Rekonèt tout moun gen dwa pou menm dwa moun
- Gen pitye pou moun malad yo, moun pòv yo ak moun fèb yo, epitou vle ede yo
- Enterese nan travay tèt ansanm avèk founisè sèvis yo, ofisyèl gouvènman, lidè lokal yo, ak reprezantan plizyè òganizasyon
- Kapab li ak ekri an Kreyòl
- Kapab konprann ak eksplike enstriksyon yo nan lang Franse
- Ap viv nan seksyon minisipal kote l ap travay la
- Gen ant laj 25 ane ak 55 ane
- Vle travay atanplen pandan omwen 5 jou pa semèn
- An bon sante, epi anfòm pou pran responsablite Ajan Kore Fanmi
- Fanm yo (avèk eksepsyon gason Ajan Kore Fanmi ki gen bon repitasyon)

Tout kalite ak sa ki espesyal sa yo enpòtan, epi nou chwazi ou kòm Ajan Kore Fanmi paske ou gen kalte espesyal sa yo. Ou dwe travay di pou ka gen ak kenbe respè ou ak konfyans fanmi yo, lidè lokal yo, founisè sèvis y, ak reprezantan òganizasyon w ap travay avèk yo a, nan toujou fè travay ou byen.

Enpak Ajan Kore Fanmi yo



Yon Timoun ki Gen Malnitrisyon

Yon Ajan Kore Fanmi te fèk kòmanse travay. Li t ap vizite yon fanmi, epi li li te wè ti gason sa a sou kabann nan.

Ti gason te souffri malnitrisyon grav. Manm li te di Ajan Kore Fanmi a li malad souvan avèk tous, lafyèv, ak dyare.

Fanmi li te mennen li ba yon doktè fèy, men ti gason an t' ap vin pi mal toujou.



Yon Timoun ki an Sante

Ajan Kore Fanmi an te te voye timon nan nan sant sante a san pèdi tan, kote li te resevwa Nourimanba, yon manje yo bay moun ki gen malnitrisyon grav. Yo trete timoun nan tou pou malarya ak dyare.

Ajan Kore Fanmi te bay edikasyon tou avèk respè ak jantiyès pou fanmi an konsènan nitrisyon, tretman pou dyare, ak bon pratik liyèn; li te bay fanmi an moustikè pou anpeche yo pran maladi malarya; li te fè aranjman pou fanmi an resevwa sipò nitrisyonèl; epitou li te voye yo kote yon travayè sosyal pou yo ka jwenn lòt èd.

Responsabilite Ajan Kore Fanmi yo

Pake fondalnatal la

Ajan Kore Fanmi yo pral:

- ☐ Edike fanmi yo ak ankouraje kondwit ki bon pou sante.
- ☐ Distribiye pwodui ki pi ijan yo dapre nivo frajilite fanmi yo (vaksen, vitamin pou fanm ansent yo, moustikè, savon, pwodui pou pirifye dlo, elatriye).
- ☐ Refere fanmi yo nan sant sante, nitrisyon, dlo/sèvis liyèn, ak sèvis edikasyon. Kontwole kijan yo sèvi ak sèvis yo (vizit nan sant sante, rejim medikal, elatriye).

Entèkansyon Ajan Kore Fanmi yo

- ☐ **Travay avèk chak fanmi yo**—Sa se objektif prensipal travay Ajan Kore Fanmi, menmsi w ap entèvni tou nan nivo kominote a.
- ☐ **Fè vizit nan kay**—Travay sa yo se pati ki pi enpòtan nan travay ou, pou bay atansyon pou chak fanmi, aplike mesaj enpòtan yo, distribiye pwodui yo, refere yo, swiv fanmi ki pi frajil yo, swiv pwogrè, epi bay repons ijan, si li nesèsè.
- ☐ **Òganize reyinyon nan katye a** pou asire pwomosyon konpòtman ki bon pou sante fèt annakò avèk evolisyon prensip sosyal yo; pou pi plis 8–10 fanmi nan yon reyinyon; reyinyon yo fèt pou pi piti chak 2 mwa, chak mwa si li posib; nou ka bay pwodui yo pandan reyinyon yo tou.
- ☐ **Òganize pòs rasanbleman** pou vaksinen fanm yo ak timoun yo, pou distribiye sipleman nitrisyon ak vitamin, epitou pou elimine Vèmin. Òganize chita-pale—ti gwoup pou edikasyon ak diskisyon; Ajan Kore Fanmi yo ap òganize pòs rasanbleman 3 oswa 4 fwa pa mwa avèk lòt Ajan Kore Fanmi k ap travay nan menm zòn nan, epitou vizite fanmi ki pa vini yo.
- ☐ **Òganize klèb manman** yo pou fanm ansent yo ak manman yo pou abòde prensip sosyal k ap ede oswa konteste desizyon manman an, epitou pou distribiye sipleman, vitamin, ak mikwo-nitriman. Ajan Kore Fanmi yo ta dwe òganize 2–4 klèb manman pa mwa, epitou chak manman ta dwe patisipe 1 fwa pa mwa.

- ☐ **Òganize klèb jèn moun yo (adolesan yo)** pou pèmèt jèn moun yo pale sou pwoblèm yo, pou pèmèt yo reyisi è aktivite espòtif ak aktivite kiltirèl, pou ede chèche aktivite sosyal, aktivite edikasyon, ak aktivite ekonomik; 1 pa mwa pou timoun yo nan 100 fanmi Ajan Kore Fanmi yo.
- ☐ **Fè vizit nan lekòl** pou kolabore avèk pwofesè yo, vizite timoun fanmi yo responsab, fè aktivite edikasyon, fè eliminasyon parazit, epitou distribye vitamin A; 1 vizit pa mwa

Lòt Aktivite

- ☐ Ranpli rapò yo
- ☐ Prepare kalandriye regilye ak plan travay yo
- ☐ Rankontre avèk sipèvizè yo chak mwa
- ☐ Patisipe nan fòmasyon regilye ak nan fòmasyon chak fwa yap fèt

Bwat Zouti Ajan Kore Fanmi

- ☐ Badj idantifikasyon
- ☐ Yon padsi ak chapo ki gen logo Inisyatif Ajan Kore Fanmi
- ☐ Sakado
- ☐ Gid travay
- ☐ Dokiman eksplikasyon
- ☐ Fòm pou rapò

Ajan Kore Fanmi Yo PA Ta Dwe

- ☐ Pale sou enfòmasyon pèsonèl oswa divilge enfòmasyon pèsonèl yon fanmi ba nenpòt moun, sof ba yon doktè, yon mis, oswa yon travayè sosyal.
- ☐ Mande oswa aksepte lajan, kado, oswa favè fanmi yo.
- ☐ Kache enfòmasyon sou pwoblèm sante oswa pwoblèm sosyal fanmi an.
- ☐ Bay enfòmasyon ki pa kòrèk nan rapò travay yo.

Objektif Lavi yo

Objektif Lavi Fanmi		Aksyon
1	Fanmi an gen ase mwayen pou yo fè kòb oswa revni.	• Referans
2	Fanmi an gen ase manje pou manje epi li pa ap manke manje.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
3	Fanmi an ap viv nan kay ki bon pou yo.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
4	Fanmi an gen dokiman idantifikasyon (kat ID pou granmoun, batistè pou timoun).	• Pwomosyon • Referans
5	Fanmi an pa fè eksperyans vyolans domestik.	• Pwomosyon • Referans
6	Fanmi an pa abandone okenn timoun, oswa timoun ki te abandone deja tounen nan fanmi an.	• Pwomosyon • Referans
7	Manm fanmi an ki gen andikap yo te dekouvri ak sipòte pou asire yo kapab viv nan fason pi byen posib.	• Pwomosyon • Referans
8	Fanmi an gen bon pratik ijyèn pou pwòp tèt yo ak pou anviwònman yo.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
9	Fanmi an sèvi ak dlo potab.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
10	Fanmi an sèvi ak yon latrin.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
11	Fanmi an jete fatra yon fason ki bon.	• Pwomosyon
12	Lafimen fè manje pa aji sou kay la.	• Pwomosyon • Referans
13	Fanmi an konnen epi li sèvi ak metòd planin si sa bon pou yo.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans

Objektif Lavi Fanmi		Aksyon
14	Fanmi an konnen ki jan maladi kapab simaye ak fason pou anpeche moun pa pran maladi moun pran nan fè bagay.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
15	Manm fanmi ki gen maladi kwonik ap resevwa epi suiv tretman.	• Pwomosyon • Referans
Fanm Yo		
16	Fanm ansent nan fanmi an jwenn ase manje ki gen nanm.	• Pwomosyon • Referans
17	Fanm ansent nan fanmi an suiv omwen 4 sèvis swen gwosès.	• Pwomosyon • Referans
18	Fanm ansent nan fanmi yo dòmi anba moustikè.	• Pwomosyon • Referans
19	Fanm ansent yo gen bon plan pou gwosès ak akouchman.	• Pwomosyon • Referans
20	Fanm ansent akouche nan yon kote ki an sekirite.	• Pwomosyon • Referans
Timoun Yo		
21	Ti Bebe yo nan tete sèlman pandan premye 6 mwa yo.	• Pwomosyon
22	Ti Bebe ki poko gen laj 5 an gen bon eta nitrisyon.	• Distribisyon resous • Sevis dirèk • Referans
23	Ti Bebe yo gentan resevwa tout vaksen ki dwe pou laj 1 an.	• Pwomosyon • Sevis dirèk
24	Timoun yo ap resevwa swen bon kalite e alè.	• Pwomosyon • Referans
25	Timoun yo ap resevwa eksitasyon timoun piti byen bonè.	• Pwomosyon
26	Timoun ki poko gen 5 an dòmi anba moustikè.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
27	Tout timoun ki gen laj lekòl nan fanmi an ale nan lekòl la.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans

Pake de Baz Ajan Kore Fanmi

Entèvansyon	Travay Ajan Kore Fanmi			Kouman distribisyon an pral fèt	Èske se yon ONG (òganizasyon ki pa fè pati gouvènman) ki pral fè 'l?
	P	D	R		
Gwoup 0: Tout					
Lave men ak sèvi ak savon	x	x		Lakay	Wi
Trete dlo pou bwè nan bouyi dlo, oswa sèvi ak klowòks, ak / oswa filtè	x	x		Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Konstwi latrin	x			Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Jesyon dechè (jete fatra)	x			M et comune	Wi
Jere manje nan fason ki kòrèk	x			Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Sèvi ak moustikè nan fason ki kòrèk	x	x		Lakay	Wi
Tretman pou malarya lè gen sentòm		x		Lakay	Wi
Prekosyon kont MST (Maladi Seksyèlman Transmisib) yo ak VIH / SIDA	x	x	x	Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Egzamen pou fè konnen si gen evidans VIH la oubyen VIH / SIDA ak lòt MST yo nan san yon moun.	x		x	Sant Sante	Wi
Èd pou manje pou malad pòv yo kap souffri TB / VIH	x			Lakay, Sant Sante	Wi kèk
Medikaman pou pasyan tibèkiloz ak moun ki gen VIH / SIDA		x	x	Lakay ak Sant Sante	Wi, Sant Sante
Rejistrasyon sivil nouvo nesans	x		x	Lakay	Wi
Gwoup 1: Fi ki nan laj pou fè pitit (15–49 an)					
Pratik repwodiksyon (fè pitit) an sante (ki gen met kontwòl sou jan l ap fè pitit la, liyèn pandan règ, planin, laj pou fi fè pitit ki bon pou santé li, kapòt, ak pwodui pou liyèn fanm ladan)	x	x	x	Lakay, Sant Sante	Wi
Bon manje ki chaje tout eleman nourisan tout fanmi an gen bezwen, ansanm ak pou yo pa manke bwè dlo ase	x			Lakay	Wi
Sèvi ak sèl yode oswa bwè yon kapsil lwil yode	x	x		Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Non
Vaksen tetanòs	x	x		Pòs Rasanmbleman ak Sant Sante	Wi
Gwoup 2: Fanm Ansent					
Swen anvan akouchman: pou pi piti kat vizit swen prenatal pandan gwosès yo, fòk premye fwa li ale pou swen an ta pandan premye trimès (twa mwa) gwosès la.	x		x	Lakay, Pòs Rasanmbleman, Sant Sante	Wi
Akouchman avèk asistans yon moun ki kalifye oswa yon enstitisyon, ak kouman pou yo prepare pou akouchman	x		x	Lakay	Wi

Entèvansyon	Travay Ajan Kore Fanmi			Kouman distribisyon an pral fèt	Èske se yon ONG (òganizasyon ki pa fè pati gouvènman) ki pral fè 'l'?
	P	D	R		
Konplikasyon nan akouchman, siy avètisman akouchman, ak kisa pou fè nan yon sitiyasyon lè vin gen sentòm konplikasyon	x		x	Lakay	Wi
Ankouraje abitud nitrasyon ki bon pou sante ak swiv ka pèdi / pran pwa pandan gwosès	x	x		Lakay	Wi
Deteksyon ak jesyon malnitrasyon	x	x		Lakay, Sant Sante	Wi
Manman yo ba pitit yo tete sèlman pandan premye 0–6 mwa, epi kontinyasyon nan zafè bay tete jouk 24 mwa ak depase.	x			Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Mete kanè vaksinasyon ajou	x	x		Lakay, Pòs Rasanmbleman, Sant Sante	Wi
Bon manje ki chaje tout eleman nourisan tout fanmi an gen bezwen, ansanm ak pou yo pa manke bwè dlo ase	x	x		Lakay	Wi
Eliminasyon vè	x	x		Lakay, Pòs Rasanmbleman, Sant Sante	
Gwoup 3: Fanm Nouris					
Yon vizit apre akouchman nan lespas premye 72 èdtan ak lòt vizit 0 ak 6 semèn apre akouchman	x		x	Lakay	Wi
Distribisyon vitamin A pou manman an pou premye 30 jou aprè l fin akouche	x	x	x	Lakay	Wi
Bon manje ki chaje tout eleman nourisan tout fanmi an gen bezwen, ansanm ak pou yo pa manke bwè dlo ase	x	x	x	Lakay	Wi
Manman yo ba pitit yo tete sèlman pandan premye 0–6 mwa, epi kontinyasyon nan zafè bay tete jouk 24 mwa ak depase.	x			Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Bon abitud lòt kalte manje—tankou kòmanse ap eseye ba tibebe a lòt kalte manje apati de 6 ak 8 mwa, ki kantite manje ki kòrèk pou chak timoun, bon kalite ak kantite manje nan chak repa, ak entèraksyon ak timoun lan pandan repa	x		x	Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Bon manje ki chaje tout eleman nourisan tout fanmi an gen bezwen, ansanm ak pou yo pa manke bwè dlo ase	x	x		Lakay	Wi
Sipleman fòtifyan (fè, asid folik, sèl yòd, elatriye)	x		x	Sant Sante	
Manman yo ba pitit yo tete sèlman pandan premye 0–6 mwa, epi kontinyasyon nan zafè bay tete jouk 24 mwa ak depase.	x			Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Mete kanè vaksinasyon ajou	x	x		Lakay, Pòs Rasanmbleman, Sant Sante	Wi

Ajan Kore Fanmi ak Dwa Moun

Entèvansyon	Travay Ajan Kore Fanmi			Kouman distribisyon an pral fèt	Èske se yon ONG (òganizasyon ki pa fè pati gouvènman) ki pral fè 'l?
	P	D	R		
Pratik repwodiksyon (fè pitit) an sante (ki gen met kontwòl sou jan l ap fè pitit la, liyèn pandan règ, planin, laj pou fi fè pitit ki bon pou santé li, kapòt, ak pwodui pou liyèn fanm ladan)	x	x		Lakay	Wi
Deteksyon ak jesyon malnitrisyon	x	x	x	Lakay, Sant Sante	Wi
Jere manje nan fason ki kòrèk	x			Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Gwoup 4: Timoun 0–6 mwa					
Manman yo ba pitit yo tete sèlman pandan premye 0–6 mwa, epi kontinyasyon nan zafè bay tete jouk 24 mwa ak depase.	x			Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Pwomosyon ak kontwòl kwasans, ak peze ak kontwole gwosè dapre laj timoun nan	x	x	x	Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Devlopman bonè timoun	x			Lakay ak Klèb Manman	Non
Vaksen an konplè	x	x		Pòs Rasanmbleman, Sant Sante	Wi
Kat lasante timoun nan	x	x		Lakay, Pòs Rasanmbleman, Sant Sante	Wi
Gwoup 5: Timoun 6–24 mwa					
Bay tete jouk 24 mwa ak pi gran	x			Lakay, Pòs Rasanmbleman, Sant Sante	Wi
Kòmanse ba lòt kalte manje yo ki dijere fasil ak ki chaje bon kalte fòtiyan pezape, kòmanse nan 6 mwa	x			Lakay	Wi
Eksitasyon ak devlopman bonè timoun	x			Lakay	Wi WV
Sèvi ak fòtiyan an poud nan fason ki kòrèk	x	x		Lakay, Pòs Rasanmbleman	Non
Bay fòtiyan sipleman (vitamin A)	x	x		Lakay, Pòs Rasanmbleman	Wi
Pwomosyon ak siveyans kwasans, ak pran pèz selon nivo laj timoun nan	x	x		Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Deteksyon ak tretman maladi ak enfeksyon timoun ak pwoblèm mankman nan manje (gwosè ak pwa ak Mezi Sikonferans Mitan Anwo Bra)	x			Lakay, Pòs Rasanmbleman, Sant Sante	Wi
Prekosyon kont dyare, deteksyon, ak tretman dyare timoun (ki gen ladan elimine vè, abitud manje pandan gen dyare, itilizasyon ak distribisyon Seròm Oral ak distribisyon zenk)	x	x		Lakay, Pòs Rasanmbleman, Sant Sante	Wi
Seri vaksen yo	x	x		Pòs Rasanmbleman	Wi
Kat lasante timoun nan	x	x		Lakay	Wi


Entèvansyon	Travay Ajan Kore Fanmi			Kouman distribisyon an pral fèt	Èske se yon ONG (òganizasyon ki pa fè pati gouvènman) ki pral fè 'l?
	P	D	R		
Gwoup 6: Timoun 25–59 mwa					
Founi manje ki gen nanm	x			Lakay ak Pòs Rasanmbleman	
Bay fòtiyan sipleman (vitamin A)	x	x		Lakay	Wi
Eksitasyon ak devlopman bonè timoun	x			Lakay	Non
Pwomosyon ak siveyans kwasans, ak pran pèz selon nivo laj timoun nan	x	x		Lakay ak Pòs Rasanmbleman	Wi
Deteksyon ak tretman maladi ak enfeksyon timoun ak pwoblèm mankman nan manje	x		x	Lakay	Wi
Prekosyon kont dyare, deteksyon, ak tretman dyare timoun (ki gen ladan elimine vè, abitud manje pandan gen dyare, itilizasyon ak distribisyon Seròm Oral ak distribisyon zenk)	x	x	x	Lakay	Wi
Seri vaksen yo	x	x		Pòs Rasanmbleman	Wi
Kat lasante timoun nan	x	x		Lakay	Wi
Demach pou yo kapab ale lekòl primè la	x			Lakay, Pòs Rasanmbleman	Wi
Gwoup 7: Timoun 5–14 ane					
Founi manje ki gen nanm	x			Lakay ak Pòs Rasanmbleman	
Pwomouvwa edikasyon ak lekòl ak pou you kapab pwofite pwogram manje midi lekòl, distribisyon materyèl edikasyon	x		x	Lakay	Wi
Prekosyon kont dyare, deteksyon, ak tretman dyare timoun (ki gen ladan elimine vè, abitud manje pandan gen dyare, itilizasyon ak distribisyon Seròm Oral ak distribisyon zenk)	x	x	x	Lakay	Wi
Deteksyon ak jesyon pou timoun ki gen enfeksyon nan viris èpès senplèks (VHS) la	x	x	x	Lakay, Sant Sante	Wi
Sante nan lekòl	x		x	Lakay, Pòs Rasanmbleman, Sant Sante, Lekòl	Wi
Bay vaksen yo te rate pran yo	x	x		Pòs Rasanmbleman	Wi
Deteksyon ak referans nan travayè sosyal la tout ka frajilite grav ki dekouvri nan sèvi avèk kritè sa yo					
Rapò sou lanmò manman					Wi
Rapò sou lanmò ti bebe fèk fèt ak lòt timoun yo					Wi
Rapò sou vyolans kont fanm					Non
Rapò sou timoun gentan plase (oswa yo gen entansyon pou plase menm si yo poko plase timoun nan) nan òfelina, tankou restavek, oswa nan esklavaj domestik					Non
Rapò sou ensekirite manje ak abri					Non
Rapò sou ka maras oswa kwachyòkò grav					Wi

Ajan Kore Fanmi ak Dwa Moun

Entèvansyon	Travay Ajan Kore Fanmi			Kouman distribisyon an pral fèt	Èske se yon ONG (òganizasyon ki pa fè pati gouvènman) ki pral fè 'l?
	P	D	R		
Rapò sou maladi mantal					Non
Rapò sou demenajman					Non

P = Pwomosyon
D = Distribisyon
R = Referans

Estrikti Pwogram nan



Nan travay ou kòm Ajan Kore Fanmi, ou fè pati yon pi gwo estrikti ki kore amelyorasyon asistans sosyal ak fason moun nan kominote a ap viv. Nan estrikti sa a, ou reprezante koneksyon ant fanmi yo ak òganizasyon k ap bay yo sèvis sosyal ak sèvis sante a. Travayè sosyal yo ap sipèvize ak sipòte ou. Travayè sosyal yo ap ede ou konekte fanmi yo avèk òganizasyon yo. FAES ap sipèvize travay la.

Sipèvizyon

Pandan w ap fè travay ou, travayè sosyal yo ap sipèvize ou. Y ap sipèvize travay ou pou asire travay ou respekte prensip yo, idantifye pwoblèm yo, epi ba ou fòmasyon, oryantasyon, ak sipò.

Kisa sipèvizyon ye?

Sipèvizyon se yon aktivite ki fèt pou ede yon anplwaye fè travay li pi byen pou l' ka reyisi objektif organizasyon kote lap travay la.

Sonje: tout anplwaye kelkeswa tit li bezwen sipèvizyon.

Wol sipèvize a

- Konnen ak bay objektif organizasyon an.
- Kapab rezoud konfli, pwoblèm nan mitan anplwaye yo
- Bay bon jan repons a anplwaye a lè li pa konprann kek aktivite
- Fè evalyasyon anplwaye yo pou kapab we pefomans yo

Kalite yon sipèvize dwe genyen

Sipèvize a dwe:

- konpetan
li dwe ap cheche konesans sou travay yo. Li dwe an mezi pou bay bon jan repons lè yon travay pa kle pou moun lap sipèvize a.

- disponib
Chak fwa anplwaye yo bezwen gid asistans li dwe toujou pre pou ede

- onet
- ankourajan
- gen ladres pou obsève
- gen souples

Fok li pale ak respe ak moun lap sipèvize a. Li dwe konprann anplwaye a lè li esplike l' yon pwoblèm ki pa gen rapò ak travay la

Sipèvizyon chak Jou: Travayè sosyal yo ap vizite Ajan Kore Fanmi yo kote y ap travay la, la, tcheke sou kouman Ajan Kore Fanmi yo ap travay, epitou y ap antrene yo.

Sipèvizyon chak semèn: Ajan Kore Fanmi yo ap gen kominikasyon regilye ak enfòmèl avèk travayè sosyal yo nan biwo kominal la. Ajan Kore Fanmi yo ap resevwa sipò pou referans yo ak nan travay sou fragilite, epitou y ap resevwa konsèy ak solisyon pou pwoblèm yo jwenn yo. Lè yon Ajan Kore Fanmi prezante yon ka ba yon travayè sosyal, travayè sosyal la ap chèche yon solisyon oswa yon sèvis apwopriye pou ede fanmi an selon bezwen egzak li yo.

Sipèvizyon chak mwa: Ajan Kore Fanmi yo ap asiste reyinyon yo chak mwa tout lajounen pou revize travay ki fèt nan mwa anvan an, pou planifye davans, pou rapòte pwoblèm ak siksè, epitou pou revize sa yo konnen yo. Pandan yon jounen, Ajan Kore Fanmi yo ak travayè sosyal yo ap travay ansanm pou detèmine ki sipò ki nesesè, y ap revize rezilta yo, epitou y ap idantifye kisa ki kapab fèt pi byen.

Plan travay chak mwa: Pandan chak reyinyon mwa yo, travayè sosyal yo ap prepare ak apwouve plan travay chak mwa yo pou Ajan Kore Fanmi yo.

Remak: Travayè sosyal yo ap sipèvize Ajan Kore Fanmi yo. Pou fè sa, y ap rasanble remak pozitif ak negatif sou chak travay Ajan Kore Fanmi nan fanmi yo ak nan founisè sèvis yo. Travayè sosyal yo ap rasanble remak tou sou kalite sèvis founisè sèvis yo ofri.

Rapòtaj

Ajan Kore Fanmi yo rapòte:

- 1. Evènman enpòtan yo:** Chanjman nan sitiyasyon fanmi yo – pa egzanp, gwosès, akouchman, oswa lanmò – ki ka afekte nivo frajilite fanmi yo (alafwa bon ak move evènman).
- 2. Aktivite:** Vizit lakay fanmi yo, sesyon vaksinasyon, sesyon pou kontwole kwasans, distribisyon manje, sesyon sou edikasyon ak sou chanjman konpòtman, rekòmandasyon, iminizasyon, timoun ki vin gwo, elatriye.
- 3. Rezilta:** Kantite timoun ki pran vaksen, kantite pepit ki distribiye (ak itilize), kantite fanmi ki antrene nan chanjman konpòtman, kantite fanm ansent ki te patisipe nan kantite vizit anvan akouchman, elatriye.

Travayè sosyal yo ak FAES ap kontwole rapò a pou asire li kòrèk ak egzak. Ajan Kore Fanmi yo ap touche selon rapò yo fè ak rezilta travay yo.

Règleman sou rapò yo

- 1.** Rapò yo dwe ranpli konplètman. Pa kite okenn espas vid.
- 2.** Sèvi ak vre nimero. Kontwole vrèman, pa devine.
- 3.** Remèt rapò yo a lè.

Sèman Ajan Kore Fanmi yo

Pandan tout fòmasyon sa a, ou te diskite sou wòl ak responsablite ou kòm ajan kore fanmi.

Ou dwe defann dwa moun, tankou dwa pou swen sante, dwa pou edikasyon, dwa pou jwenn kay pou rete, dwa pou manje, dwa pou dlo pwòp, ak dwa pou okazyon pou yo fè komès. Ou dwe edike fanmi yo ak kominote yo, epitou ou dwe ankouraje konduit pozitif pami fanmi yo. Ou dwe ofri sèvis yo, distribiye machandiz, ofri tretman, ak bay fanmi yo referans pou yo ale nan lòt sèvis sosyal.

Etan ke Ajan Kore Fanmi, ou se pwofesyonèl kominote a ki gen anpil responsablite. Anpil metye mande manm yo swiv yon kòd konduit, ak fè yon **sèman** lè yo kòmanse travay nan metye a.

Yon **sèman** se yon angajman, yon pwomès fòmèl, yon pwomès ekri oswa nan bouch pou fè yon bagay.

Pandan fòmasyon sa a, oumenm ak lòt Ajan Kore Fanmi kamarad ou ap kreye pwòp sèman nou.

Sèman Ajan Kore Fanmi yo

Antan yon Ajan Kore Fanmi, mwen fè sèman:

[illegible]

Siyati: _____

Dat: _____

Responsablite pou Dwa Moun: Kesyon pou Gwoup

Kesyon pou Gwoup 1

- 1.** Kouman Adlin kapab pwoteje ak reyalize dwa moun fanmi li?
- 2.** Kisa ki ta ka anpeche Adlin rive pwoteje ak reyalize dwa moun fanmi li?

Kesyon pou Gwoup 2

- 1.** Kouman gouvènman yo ta dwe pwoteje ak reyalize dwa moun?
- 2.** Kisa ki ta ka anpeche yon gouvènman rive pwoteje ak reyalize dwa moun?

Kesyon pou Gwoup 3

- 1.** Kouman òganizasyon ki pa fè pati gouvènman yo (ONG) kapab pwoteje ak reyalize dwa moun?
- 2.** Kisa ki ta ka anpeche yon ONG rive pwoteje ak reyalize dwa moun?



PYÈS TEYAT 1

Moun k ap rakonte a: De (2) sè, Ester ak Adrienne, sou wout mache a a pye. Pandan yo sou wout la, y ap pale osijè fanmi yo. Ester, pi piti sè a, gen 2 timoun piti avèk Felix, yon nèg li fè plasay avè' l' pandan 3 an. Adrienne, pi gran sè a, gen plizyè ane nan maryaj, epi li gen 5 timoun. Toude fanmi yo nan malsite.

Ester (ki enkyete): Adrienne, gade kijan nou bwè lamizè tankou dlo!

Adrienne (jantiman): Se pa blag non, afè nou pa bon menm.

Ester (ki enkyete): Nou pa janm jwenn ase manje. Li te pi fasil lè se sèlman mwen ak Felix. Menm lè nou te pòv anpil, men pifò jou yo mwen te ka prepare ase manje pou Felix, epi te toujou gen manje ki rete pou mwen. Kounye a, avèk de timoun piti, sa grav.

Adrienne (jantiman): Kisa ou vle di? Pou kisa bagay yo di kounye a?

Ester (ki enkyete): Felix manje anpil epi pa janm gen ase ki rete pou mwen menm ak timoun yo. Pafwa, mwen santi mwen fèb paske mwen grangou. De (2) pitit mwen yo vin chèch anpil, epi yo dechte.

Adrienne (fatige): M' konpran sa ou vle di a. Mwen te oblije rezinye m' pou sa depi lè m' marye. Ou wè kouman mwen menm ak pitit mwen yo vin chèch.

Ester (enkyete ak an kòlè enpe): Men sa a pa kòrèk. Nou grangou anpil.

Adrienne (fatige): Mwen konnen, men se konsa lavi ye. Nou dwe aksepte sa.

FEN AN



PYÈS TEYAT 2

Moun k ap rakonte a: De (2) zanmi, Desira ak Gabrielle, rankontre nan fontèn kominotè a. Li bonè epi se yo sèlman ki nan fontèn lan. Kou yo wè yo poukont yo, yo kòmanse pale, konsènan yon ensidan ki te pase nan bouk la yèswo.

Desira (chichote nan fason malalèz): Èske ou te tande Anise yèswo? Ou konnen m' rete menm wout lakay li, epi jan li te tèlman rele fò m' te tande l' tankou lakay li kole ak pa'm.

Gabrielle (chichote nan fason malalèz): M' konnen, m' te tande sa tou. M' kwè tout bouk la te tande sa. Mari li toujou sou epi li bat li.

Desira (chichote nan fason malalèz): Mwen panse sityasyon sa pa bon pou li ditou. Li eseye yon bon madanm, men msye maltrete l' twòp. Omwen mari mwen pa bat mwen konsa.

Gabrielle (chichote nan fason malalèz): Se vre. Men se pa sa pa vle di sityasyon bon konsa. Ou te di m' ke mari ou fòse ou fè bagay nenpòt lè l' vle, menm si ou pa vle vin ansent ankò. Epi gade m, m' deja gen 6 timoun, epitou m' pa kapab menm bay yo manje, men mari m' pa kite pran souf.

Desira (chichote nan fason malalèz): Mwen konnen. Epi mari m' pa janm vle sèvi ak kapòt. Men kisa nou kapab fè? Ou dwe bay yon gason sa li vle a. Si mwen pa fè mari m' plezi, l ap kite mwen, epi sa m ap fè?

Gabrielle (chichote nan fason malalèz): Mwen panse se rezon sa a ki fè Anise aksepte baton yo. Kouman li ka viv poukont li? Li pa ka vin pitimi san gadò.

FEN AN



PYÈS TEYAT 3

Moun k ap rakonte a: Kouzin Evelyn nan, Celeste, pa t la pandan kèk mwa, epi li t ap chèche travay nan vil la. Li pa jwenn okenn bon djòb, kidonk li retounen nan bouk la, epi li al vizite Evelyn. Toulède se moun pòv, menm jan ak pifò moun ki nan bouk la.

Evelyn (kontan): Celeste, mwen kontan wè ou! Mwen te sonje ou anpil.

Celeste (kontan): Evelyn, mwen kontan anpil pou wè ou tou. Mwen kontan retounen lakay mwen. Lavi nan vil la te di anpil. Pa gen bon travay, sitou si ou se yon fanm. Mwen pa konnen kijan mwen pral degaje isit la, men mwen pa vle retounen nan vil la.

Evelyn (enkyete): Men tout moun konnen gen travay nan vil la, menm pou timoun yo. Yon biznismann te vini isit la mwa pase, epi li te ofri pou pran pi gran pitit fi mwen an, Juliet, pou bay li travay lakay li kòm yon restavèk.

Celeste (twoubled): Men ou pa t voye Juliet ale avèk li, èske ou te fè sa?

Evelyn (enkyete): Sètènman, mwen te fè sa. Ki lòt bagay mwen te sipoze fè? Nou grangou toutan, epi mwen pa t gen mwayen pou kenbe Juliet nan kay la. Mesye te di li ta bay li manje, epi mwen pa kapab fè plis pase sa.

Celeste (twoubled): Èske konpran sa ou fè a? L ap pètèt bat pitit ou oswa fè li bagay ki pi grav. Epitou sètènman li p ap bay li manje byen. Lè mwen te nan vil la, mwen te wè ti malere rèstavèk yo, epi m' wè grangou manke fin pete fyèl yo.

FEN AN

Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun

Nan 10 desanm 1948, Asanble Jeneral Nasyonzini te adopte ak pwoklame Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun. Apre zak istorik sa a, Asanble a te mande tout peyi manm yo pou pibliye tèks Deklarasyon an epitou “pou fè li simaye, afiche, li, ak ekspoze sitou nan lekòl yo ak nan lòt enstitisyon edikasyonèl yo, san distenksyon ki baze sou sitiyasyon politik peyi yo oswa teritwa yo.

PREYANBIL

Lè nou konsidere ke rekonèt diyite ki nan tout moun sou tè a ak dwa yo genyen ki egalego, pèsòn moun pa dwe pran nan men yo, se fondasyon libète, lajistis ak lapè sou tout tè a san manke tikras,

Lè nou konsidere ke meprize ak pase dwa moun anba pye te lakòz anpil move zak ki revòlte konsyans tout moun tout kote sou latè, epi tou ke nou rive wè yon tan kote tout moun pral jwi pale libelibè, kwè sa yo vle, epi sòti anba laperèz ak lamizè se pi gwo lespwa tout moun sou tè a,

Lè nou konsidere ke li enpòtan pou gen yon Leta ki chita sou lalwa, kote lalwa pwoteje dwa moun pou evite sitwayen yo sèvi ak revòlt pou yo konbat kraze-zo ak represyon lè yo pa gen lòt chawa ankò,

Lè nou konsidere ke li enpòtan pou ankouraje tout nasyon yo devlope relasyon zanmitay youn ak lòt,

Lè nou konsidere ke nan prensip fondalnatal Nasyonzini, kote yon lòt fwa ankò pèp Nasyonzini yo montre jan yo kwè nan dwa fondalnatal tout moun, nan diyite ak valè chak moun, nan dwa egalego gason ak fanm. Pèp sa yo deklare yo deside travay pou sosyete a fè pwogrè, epi pou yo mete bon kondisyon sou pye pou lavi miyò tabli, pou gen plis libète,

Lè nou konsidere ke peyi ki manm Nasyonzini yo te pran angajman pou yo travay men-nan-men avèk Òganizasyon Nasyonzini pou fè respekte dwa moun ak libète fondamantal yo toutbon vre, tout kote sou latè,

Lè nou konsidere li enpòtan anpil pou tout peyi sou latè konprann dwa sa yo ak libète sa yo menm jan, pou yo ka respekte angajman sa a byen

Kounye, Kidonk, ASANBLE JENERAL LA pwoklame DEKLARASYON INIVÈSÈL DWA MOUN SA A kòm pi gwo rèv tout pèp ak tout nasyon

sou latè dwe chèche reyalize. Pou tout moun ak tout enstitisyon ki anndan sosyete a kenbe Deklarasyon sa a nan lespri yo toutan, pou yo travay nan ansèyman ansanm ak edikasyon pou fè respekte dwa ak libète moun sa yo nan pran bon jan dispozisyon nasyonal ak entènasyonal ofi-amezi, pou yo rekonèt dispozisyon sa yo tout kote sou latè, epi pou yo sèvi ak yo, nan mitan popilasyon peyi ki manm Nasyonzini yo, ak nan teritwa ki anba jiridiksyon yo.

Atik 1

Tout moun fèt lib, epi yo egalego nan diyite ak nan dwa. Yo gen kapasite pou yo reflechi, pou yo pran konsyans, epitou yo dwe viv youn ak lòt tankou frè ak sè.

Atik 2

Chak moun sou tè a kapab jwi dwa ak libète ki pwoklame nan Deklarasyon sa-a, san yo pa fè okenn diferans ant you moun ak you lot, tèlke diferans ras, koulè po, diferans fanm ak gason, diferans lang, relijyon, opinyon politik oswa tout lòt opinyon, tankou peyi kote li sòti oswa klas sosyal li, richès li, kondisyon paran li te fè li oswa tout lòt sitiyasyon ki sanble ak sa. Answit, yo pa dwe mete diferans ki chita sou sitiyasyon politik peyi li, oswa sou sitiyasyon peyi a nan domèn lalwa, oswa ankò sou sitiyasyon entènasyonal peyi li, oswa sou teritwa kote li sòti, menm lè peyi sa a oswa teritwa sa a li endepandan, oswa li sou kont yon lòt peyi, lè li pa kapab pran desizyon pou tèt pa li, oswa anba kèk règleman ki limite pouvwa nasyon an genyen pou li deside sa li vle.

Atik 3

Tout moun gen dwa pou yo viv, pou yo gen libète, pou yo jwenn sekirite.

Atik 4

Yo pa gen dwa mete pèsòn moun nan esklavaj, oswa fòse moun nan fè yon travay avèk vyolans; lalwa entèdi esklavaj ak zafè vann moun nan, nenpòt jan sa ta fèt.

Atik 5

Yo pa gen dwa maspinen pèsòn moun, ni ba li pinisyon ak move tretman san pitye, ki mete li nan kondisyon bèt, oswa ki avili li.

Atik 6

Chak moun gen dwa pou yo rekonèt li tankou moun devan lalwa tout kote sou latè.

Atik 7

Tout moun egalego devan lalwa, epitou lalwa dwe pwoteje yo tout san paspouki. Tout moun fèt pou yo jwenn menm kalite pwoteksyon kont diskriminasyon ki pa respekte sa ki nan Deklarasyon sa a, ak tout lòt konpòtman ki ka lakòz gen diskriminasyon.

Atik 8

Tout moun gen dwa pou jwenn bon jan konkou devan tribinal konpetan kote l ap viv la kont zak ki vyole dwa fondamantal li, dwa konstitisyon an, oswa dwa lalwa rekonèt ke l genyen.

Atik 9

Yo pa gen dwa pou yo arete yon moun, oswa pou yo mete li nan prizon, oswa pou yo egzile li yon fason gwo ponyèt.

Atik 10

Tout moun gen dwa egalego pou yon tribinal ki pa depann de pèsòn tande kòz li an piblik yon fason ki klè, san paspouki, nan chèche konnen dwa moun nan ak devwa li genyen, oswa nan chèche konnen si akizasyon yo fè kont moun nan pou yon move zak se yon akizasyon ki jis.

Atik 11

(1) Tout moun yo akize pou yon move zak, sipoze inosan jiskaske lajistis tande li nan yon pwosè piblik epi yo rekonèt li koupab toutbon, kote lalwa te ba li tout garanti ki nesesè pou li defann tèt li.

(2) Yo pa kapab kondane yon moun pou yon zak oswa pou yon obligasyon li pa respekte, si lè li te fè zak la pa t gen lwa nasyonal oswa lwa entènasyonal ki te di moun sa a aji byen oswa mal. Menm jan an tou, yo pa kapab ba li okenn pinisyon ki pi di pase pinisyon lalwa te egzije pou yo ba li nan moman li te fè zak la.

Atik 12

Pèsòn moun pa gen dwa fouye nan lavi prive okenn lòt moun jan yo vle, nan zafè fanmi li, ni nan sa k ap pase anndan lakay li oswa mesaj ke l voye oswa ke l resevwa, ni fè bagay ki ka fè li pèdi onè li ak repitasyon li. Tout moun gen dwa gen pwoteksyon la lwa kont zak sa yo.

Atik 13

(1) Tout moun gen dwa sikile libelibè, epi li ka chwazi nenpòt kote nan yon peyi pou li abite.

(2) Tout moun gen dwa kite nenpòt ki peyi, menm si se pwòp peyi pa li, epitou li ka retounen nan peyi lè li vle.

Atik 14

(1) Lè yon moun anba pèsekisyon, li gen dwa al chèche lazil, epi li dwe jwenn lazil nan lòt peyi.

(2) Yon moun pa ka sèvi ak dwa sa a lè lapolis ap chèche li pou yon krim lalwa kondane, oswa pou kèk move zak ki diferan ak prensip Nasyonzini ansanm ak kote li vle rive.

Atik 15

(1) Tout moun gen dwa pou gen yon nasyonalite.

(2) Yo pa gen dwe retire nasyonalite pèsòn moun yon fason gwo ponyèt, ni tou yo pa gen dwa retire dwa li genyen pou li chanje nasyonalite li.

Atik 16

(1) Lè yon fanm oswa yon gason majè, yo gen dwa pou yo marye, pou yo fòme fanmi yo, san okenn kondisyon ki chita sou koulè po, sou nasyonalite, oswa sou relijyon. Yo gen dwa egalego nan kesyon maryaj, pandan maryaj la epi lè maryaj la kraze.

(2) De moun ka marye sèlman lè yo toulède bay konsantman yo pou sa fèt.

(3) Fanmi se eleman natirèl ki fòme baz sosyete a, li gen dwa jwenn pwoteksyon sosyete a ak pwoteksyon Leta.

Atik 17

(1) Tout moun gen dwa gen byen poukont li, oswa ansanm avèk lòt moun.

(2) Yo pa gen dwa pran byen yon moun yon fason gwo ponyèt.

Atik 18

Tout moun gen dwa pou li gen libète panse, pou li gen pwòp konviksyon li, pou li ale nan relijyon li vle; li gen dwa chanje relijyon li tou oswa konviksyon li, menm jan an tou, li gen dwa pou li montre kwayans oswa konviksyon li libelibè nan fè seremoni, ansèyman, pratik, oswa nan lòt kalite sèvis, swa poukont li, swa ansanm ak lòt moun, an piblik oswa anndan lakay li.

Atik 19

Tout moun gen dwa pou li panse, pou li pale jan li vle, sa vle di yo pa gen dwa ba li pwoblèm pou jan li panse, pou opinyon li. Li gen dwa pou li chèche enfòmasyon alawonbadè, pou li resevwa enfòmasyon epi pou li gaye yo pa nenpot ki mwayen li vle, ansanm ak tout lòt kalite lide tou.

Atik 20

(1) Tout moun lib pou li patisipe nan reyinyon ak pou li fè asosyasyon san zam.

(2) Yo pa ka fòse pèsòn moun pou li vin manm yon asosyasyon.

Atik 21

(1) Tout moun gen dwa pou patisipe nan direksyon zafè piblik peyi li, li ka patisipe dirèkteman poukont li, oswa li ka patisipe lè li chwazi reprezantan li yo libelibè.

(2) Tout moun gen menm dwa pou li okipe yon fonksyon piblik nan peyi li.

(3) Volonte yon pèp se baz otorite pouvwa piblik la; volonte sa a dwe parèt aklè nan eleksyon onèt ki dwe fèt yon fason regilye, kote tout moun ap patisipe egale, ak vòt an sekre, oswa ak yon metòd ki sanble ak sa-a, kote moun yo gen garanti vòt la ap fèt libelibè.

Atik 22

Tout moun gen dwa pou gen sekirite sosyal, paske li se manm sosyete a; yo kreye èd sa a pou ede li jwi dwa ekonomik li, dwa sosyal li ak dwa kiltirèl li; dwa sa yo nesesè anpil pou li jwenn diyite li, pou li devlope pèsonalite li. Li gen dwa pou li reyalize yo gras ak efò nasyonal ak koperasyon entènasyonal dapre òganizasyon ak richès chak peyi.

Atik 23

- (1) Tout moun gen dwa pou li travay, li gen dwa fè pwòp chwa travay li libelibè, nan kondisyon ki bon, ki jis, epitou li dwe jwenn pwoteksyon kont chomaj.
- (2) Yo dwe peye tout moun menm lajan pou yon travay ki menm, san patipri.
- (3) Tout moun k ap travay dwe touche lajan ki jis, k ap ede limenm ak fanmi li viv nan diyite tankou moun, epi si sa nesèsè yo dwe ba li lòt kalite pwoteksyon sosyal.
- (4) Tout moun gen dwa fòme sendika ansanm avèk lòt moun, epi yo gen dwa rantre nan sendika pou defann enterè yo.

Atik 24

Tout moun gen dwa gen pou pran repo nan travay li, epi li gen dwa pou detann li, li dwe gen yon limit nan lè pou travay la dire ki rezonab, li gen dwa pou jwenn konje peye detanzantan.

Atik 25

- (1) Tout moun gen dwa pou mennen yon nivo lavi ki kapab garanti lasante li ak fanmi li ak pou yo santi yo anfòm nan tout sans, tankou manje, rad, kay pou rete, ak swen medikal, ak sèvis sosyal ki nesèsè, ak dwa pou sekirite sizoka gen chomaj, maladi, andikap, lanmò madanm/mari, laj avanse, oswa lòt mank mwayen pou viv nan sikonstans ki depase kontwòl li.
- (2) Lè fanm fè pitit ak lè timoun yo piti, yo gen dwa pou yo jwenn swen ak èd espesyal. Tout timoun, kit yo fèt nan maryaj oswa deyò maryaj, dwe jwenn menm pwoteksyon sosyal.

Atik 26

- (1) Tout moun gen dwa pou edikasyon. Edikasyon an fèt pou gratis, pou pi piti nan etap elemantè ak nan etap fondannatal yo. Edikasyon nan lekòl primè fèt pou obligatwa. Ansèyman teknik ak pwofesyonèl dwe disponib pou tout moun, etid inivèsitè dwe louvri pou tout moun egale, dapre fason moun nan merite sa.
- (2) Edikasyon fèt pou deziyen pou devlopman pèsonalite moun nan nèt, ak pou ranfòse respè dwa moun ak libète fondamantal yo. Li dwe ankouraje konpreyansyon, tolerans ak zanmitay ant nasyon yo, gwoup ras moun oswa

gwoup relijyon, epi li dwe ankouraje devlopman aktivite Nasyonzini pou kenbe lapè.

(3) Paran yo gen dwa pou yo chwazi ki kalite edikasyon pou yo bay pitit yo davans.

Atik 27

(1) Tout moun gen dwa pou patisipe libelibè nan aktivite kiltirèl kominote a, li gen dwa pou li jwenn avantaj nan lavi atistik, epi pou li patisipe nan pwogrè lasyans ak avantaj ki sòti nan pwogrè sa a.

(2) Tout moun gen dwa jwenn pwoteksyon enterè lespri ak enterè tout byen li genyen pou sa li te pwodui nan domèn lasyans, literati ak domèn atistik kont lòt moun ki ta vle sèvi ak yo gratis.

Atik 28

Tout moun gen dwa pou li jwenn yon lòd, sou plan sosyal ak sou plan entènasyonal kote y ap aplike dwa ak libète ki pwoklame nan Deklarasyon sa a tout bon vre.

Atik 29

(1) Chak moun gen devwa nan kominote li, ki se sèl kote li ka devlope pèsonalite li libelibè tout bon vre.

(2) Lè yon moun ap sèvi avèk dwa li, epi lè l ap pran avantaj libète li, li dwe soumèt li sèlman anba limit lalwa tabli, pou li ka rekonèt sèten dwa ak libète lòt moun, epi pou li respekte dwa sa yo, epitou pou li ka satisfè egzijans règleman sosyete a, lòd piblik, ak santiman pou tout moun viv alèz nan yon sosyete demokratik.

(3) Nan okenn sikonstans, yo pa ka sèvi ak dwa sa yo ansanm ak libète sa yo lòt jan ki an depaman ak rezilta prensip Nasyonzini ap chèche.

Atik 30

Yo pa ka konsidere okenn dispozisyon ki nan Deklarasyon sa a kòm nenpòt dwa yon leta oswa yon gwoup, oswa yon moun genyen pou li fè aktivite, oswa pou li fè zak k ap chèche detwi dwa ak libète ki ekri nan deklarasyon an.

Sous: www.un.org/en/documents

Konvansyon sou Dwa Timoun

Konvansyon sou Dwa Timoun ofri yon estrikti ak kat (4) prensip estratejik pou dwa ak devlopman timoun yo.

Premye prensip la sèke *pi bon enterè* timoun nan dwe se yon konsiderasyon ki gen priyorite nan tout desizyon ak aksyon ki ka afekte timoun nan, epitou yo dwe montre gen yon ekilib ant enterè timoun nan akoutèm ak enterè li alontèm. Kondisyon enpòtan nan yon detèminasyon konsa dwe gen ladan nivo devlopman timoun nan, ak swè oswa santiman ki eksprime, ak disponiblite resous ki nesèsè pou timoun nan viv, devlope ak patisipe.

Dezyèm prensip la se *non-diskriminasyon*. Tout timoun—fi oswa gason, pòv oswa rich, ki gen andikap oswa ki pa gen andikap—dwe jwenn konsiderasyon kòm moun ki gen menm dwa nan dwa moun, paske dwa moun yo se dwa ki inivèsèl.

Twazyèm prensip la se *dwa pou viv, pou siviv, ak pou devlope*. Li enpòtan pou konsidere pwoblèm aksesibilite, ki chèche garanti dwa pou sèvis fondalnatal yo ak chans egale pou tout moun yo reyalize devlopman konplè yo. Sa baze sou lajistis egal ego, ki gen pou wè ak adopsyon bonjan mezi pou asire règleman yo ak pwogram yo rive jwenn tout moun ki nan yon sosyete.

Katriyèm prensip la se *respè pou opinyon timoun nan*. Prensip sa mande pou yo tande ak respekte opinyon timoun yo. Sa asosye toutbon avèk pi bon enterè timoun nan, paske li montre kijan opinyon timoun yo enpòtan, epitou yo dwe konsidere pwen de vi yo konsènan reyalizasyon dwa yo. Yo ta dwe patisipe nan pwosesis pou pran desizyon ki afekte yo, nan yon mannyè ki apwopriye pou evolisyon kapasite yo. De (2) konsiderasyon enpòtan entegre nan lide sa a. Premyèman, lè timoun nan ap grandi oswa devlope, yo dwe akòde li pi plis endepandans nan detèminasyon enterè akoutèm ak enterè alontèm li yo. Dezyèmman, patisipasyon an dwe kontribiye nan devlopman timoun nan, epi pou devlope evolisyon kapasite li yo.

Konvansyon pou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon Kont Fanm

Konvansyon sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon Kont Fanm yo konsève dwa espesyal fanm yo ki baze sou bezwen. CEDAW ap chèche ankouraje egalite ant gason ak fanm lè li retire diferans ki baze sou sèks, ak lè li ankouraje devlopman, patisipasyon ak avansman konplè fanm yo.

Konvansyon an ap chèche asire tout fanm yo kapab jwi dwa moun yo san yo pa viktim diskriminasyon. Pou reyalize yon egalite konsa, CEDAW egzije pou tout moun konfòme yo avèk sèten prensip estratejik ki enpòtan tou pou yon apwòch dwa fanm nan pwogram nan. Yo dwe idantifye ak elimine diferans ki baze sou sèks. Poutèt sa, yon lòt prensip estratejik sèke yo dwe aplike mezi pozitif dwe mete sou pye nan fason sistematik pou ede fanm yo reyalize dwa yo. Eliminasyon enjistis ak baryè sosyal ki egziste akòz konstwiksyon enjis wòl sèks dwe se yon objektif pou entèvansyon. Sa ap ede ti fi yo tou reyalize dwa yo pi vit. Dapre sa CEDAW note, sa mande pou yo entèdi pratik ki rabese fanm yo. Nan menm lide sa a, sèvis yo dwe disponib pou garanti byennèt fanm yo kòm fanm ki nan pwòp dwa yo. Menm jan an tou, CEDAW egzije priyorizasyon reflechi aksyon yo/mezi pwoteksyon ki amelyore kalite lavi ak sitiyoasyon fanmi ak ti fi ki pa gen resous oswa ki frajil.

Dènye prensip estratejik CEDAW sèke yo dwe aplike dwa fanm yo pou patisipasyon nan tout aspè lavi a, pou avanse wòl yo nan devlopman ak enterè estratejik yo.

Sous: Apwòch Dwa Moun nan Pwogram Devlopman, Urban Jonsson prepare, UNICEF, 2003.

DESKRIPSYON TRAVAY AJAN KORE FANMI

Fonds D'assistance Economique Et Sociale (Faes)

Direction Generale (Dg)

Termes De Reference

Agent Communautaire Polyvalent

Initiative D'agent Communautaire Polyvalent (Iacp)

1. Contexte

Avec le séisme du 12 janvier 2010, le Gouvernement de la République s'est vu confronté à une situation catastrophique, cumulant des dégâts matériels (évalués à plus de 7 milliards de dollars correspondant à près de 110% du PIB du pays) et un cout social (la situation des familles haïtiennes s'est considérablement détériorée passant de 56% à plus de 70% ayant un revenu inférieur à moins de 1\$/pers./jour) sans précédent. Tenant compte de cette situation, les plus hautes instances ont décidé de prendre des mesures allant de la refondation/reconstruction de la nation et par l'établissement de nouveaux types de rapports entre les citoyens d'une part et entre l'état et les individus d'autre part.

Description de l'Initiative

Dans cet effort, de nouvelles stratégies ont été développées pour améliorer le niveau de vulnérabilité des familles et du pays, notamment en améliorant l'efficacité de la prestation de services. L'initiative ACP propose ainsi la création d'un réseau d'agents communautaires polyvalents (ACP) travaillant directement avec les familles afin d'augmenter l'accès des familles les plus démunies à certaines informations et services sociaux de base. Le pilote assurera des services à environ 90,000 bénéficiaires dans le département du Centre, et correspond à la première phase d'un programme dont l'objectif final est l'établissement d'un réseau national décentralisé d'apport de services à la population haïtienne.

Le titre « *Agent Communautaire Polyvalent* » est proposé pour un agent communautaire apportant un éventail de services à un groupe de familles, dans le contexte d'une approche intégrée. Suivant une approche d'accompagnement familial, les besoins des familles seront évalués et ensuite suivies de manière individuelle. L'ACP sera rémunéré sur la base d'un salaire supplémenté de primes de difficulté

(terrain difficile, longues durées de déplacement entre les ménages) et de performance.

L'initiative ACP vise à : i) promouvoir les changements de comportement positifs (santé, nutrition, hygiène) envers les familles bénéficiaires et mieux les informer sur les programmes et services sociaux disponibles; ii) fournir les produits essentiels et une gamme de prestations directement aux familles; iii) renforcer l'accès des familles aux services sociaux au travers d'un travail de référence renforcé et iv) avec l'appui de partenaires, pourvoir aux situations d'extrême vulnérabilité rencontrés. Les ACP travailleront sous la supervision directe d'un travailleur social (TS) basé au niveau de la municipalité.

Ce pilote vise aussi à améliorer la capacité du gouvernement à assurer des services à la population haïtienne de manière décentralisée, et promouvra la coordination entre acteurs (Gouvernement, Institutions et ONG) à travers la mise en œuvre d'une stratégie opérationnelle commune et d'un système d'information partagé au niveau des communes intéressées.

2. OBJECTIF

En vue de développer la capacité des familles, leurs donner une assistance soutenue pour mieux remplir, protéger, maintenir et restaurer leurs droits et développer leur capital humain au niveau de la commune de Thomassique et de saut d'Eau, World Vision et PIH/ZL souhaite recruter des ACP.

3. MANDAT DE L'ACP

L'ACP, sur la base des résultats de l'analyse de vulnérabilité, assiste chaque famille dans l'élaboration d'un plan d'action pour accroître sa capacité à mieux prendre soin de ses membres et réduire son niveau de vulnérabilité.

La tâche de l'ACP est d'élaborer de façon conjointe le plan de développement des familles dont il est chargé selon quatre axes de travail:

- i.** Fournir les informations et le soutien nécessaires à la promotion de comportements positifs
- ii.** Fournir des ressources supplémentaires, sous forme de produits essentiels
- iii.** Aider les familles à accéder aux services et programmes existants

- iv. Repérer les familles extrêmement vulnérables et les orienter vers le TS et l'équipe communale pour une intervention d'urgence et le suivi approprié.

Description analytique

1. Participer à la réalisation de l'enquête socio-économique des familles de sa zone permettant l'analyse de vulnérabilité.
2. Faire la motivation et l'éducation des familles sur la santé, la nutrition l'hygiène et l'assainissement.
3. Réaliser des visites domiciliaires dans sa zone de travail suivant un plan et un itinéraire établis avec le superviseur en tenant compte des catégories des familles, soit 2 visites par mois chez les familles extrêmement vulnérables, 1 visite par mois chez les familles très vulnérables et les familles vulnérables, et 1 visite chaque 2 mois chez les Familles peu vulnérables.
4. Élaborer de manière conjointe un plan de développement adapté à la situation de chaque famille
5. Assurer la mise à jour du carnet familial par le remplissage régulier des fiches de suivi familial
6. Planifier et organiser des postes de rassemblement (lieux de livraison des services communautaires), à raison de deux (2) postes par mois
7. Planifier et organiser des réunions de voisinage, soit 10 par mois
8. Planifier et organiser des clubs des mères, soit 2 par mois
9. Planifier et organiser des clubs des jeunes, soit 2 par mois
10. Planifier et organiser des visites scolaires, soit 2 par mois
11. Gérer le stock de matériel reçu.
12. Participer aux rencontres de suivi organisées par les supérieurs hiérarchiques
13. Remettre mensuellement au TS un rapport d'activités
14. Participer à toutes autres tâches en rapport avec le travail communautaire.

Relations Externes

- Entretenir de bonnes relations avec l'équipe communale et les leaders de la Communauté et le personnel des autres institutions de sa zone

4. DUREE DES PRESTATIONS DU MANDAT DES ACP

Les prestations des ACP s'étendront sur une période de dix (10) mois conformément à la durée de la première phase du projet.

5. EXTRANTS ATTENDUS

Au cours de la période d'exécution du mandat des ACP, les extrants suivants sont attendus:

- Plan de travail et chronogramme d'activités périodiques (trimestriel et mensuel).
- Rapport mensuel d'activités réalisés.
- Rapport trimestriel d'autoévaluation
- Tous autres extrants exigés dans le cadre de l'initiative ACP.

6. PROFIL DU MANDAT DES ACP

Les ACP étant des accompagnateurs des familles.

- Savoir lire et à écrire en créole et avoir terminé des études au moins de la 9^e année fondamentale.
- Comprendre et expliquer les instructions en français.
- Résider/vivre dans la section communale où il sera affecté.
- Être âgé de 25 à 55 ans.
- Disponible pour travailler à temps plein (5 jours par semaine).
- Avoir un état de santé compatible avec le travail.
- Avoir le sens des responsabilités et manifester beaucoup d'intérêt pour le travail communautaire
- Être sobre, discret et manifester des qualités de leadership
- Être communicatif et aimable
- Femme (à l'exception des agents sectoriels de sexe masculin en service actif au moment du recrutement).

7. SUPERVISION

La supervision des actions menées par les ACP seront effectuée par l'équipe. Le poste est basé à Thomassique ou Saut d'Eau.



NÒT

[illegible]



FÒM EVALYASYON

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Pou kisa?

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Pou kisa?

Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou itilize nan travay ou?

Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesifik.

Ki rekòmandasyon ou pou fòmasyon sa a vin miyò? Kisa ou ta chanje?
(Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)

Ki lòt kòmantè ou genyen?

Mèsi poutèt ou fè evalyasyon sa a.

